



Pou Piblikasyon Imedya: 12/14/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE DEMAND POU PWOPOZISYON POU SANT TERAPI SELILÈ AK JENETIK MODÈN NAN LONG ISLAND POU TRANSFÒME DOMÈN RECHÈCH MEDIKAL AK AVANSE TRETMAN KANSÈ KI KAPAB SOVE LAVI**

*Nouvo sant lan pral ede pozisyone Eta New York kòm lidè nasyonal nan terapi selilè ak jenetik*

*Plis pase 150 milyon dola ki disponib ki soti nan Eta New York pou sipòte devlopman gwo sant syans lavi yo*

*Bati sou angajman Gouvènè a pou ranfòse sektè k ap grandi rapid la tankou syans lavi yo — enkli angajman sou sityasyon Eta a pou etabli de sant terapi selilè ak jenetik*

*Demann pou pwopozisyon yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke New York pral etabli yon Sant Inovasyon nan Terapi Selilè ak Jenetik (Cell and Gene Therapy, CGT) modèn nan Konte Nassau, Long Island ak yon enklav ki asosye pou katalize rechèch, devlopman, fabrikasyon klinik ak komèsyalizasyon terapi selilè atravè Eta a. Terapi selilè ak jenetik se youn nan domèn k ap grandi pi vit nan syans lavi epi li genyen potansyèl pou chanje radikalman tretman kansè ak lòt maladi grav epi li kapab mennen nan gerizon ki montre gwo pwomès nan soulaje kòz ki kache nan maladi jenetik yo. Sant lan pral pote nan New York teknoloji ki pi nouvo ak pi avanse pou devlopman ak komèsyalizasyon nouvo terapi revolisyone sa yo.

"Sant Long Island sa a pral ede elaji anprent New York nan Terapi Selilè ak Jenetik la, yon nouvo domèn medikaman k ap grandi k ap ouvri wout pou tretman transfòmatif, k ap sove lavi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan Lake Success rive Lake Erie, New York ap kontinye pwopilse inovasyon nan syans lavi yo pou kreye djòb ki byen peye, amelyore lavi anpil Nouyòkè, epi pote lavni medikaman nan eta nou an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Sant Long Island lan esansyèl nan kad efò nou yo pou elaji ekosistèm Terapi Selilè ak Jenetik nou an nan tout eta a epi fasilite kolaborasyon atravè gwo inivèsite rechèch nou yo ak sektè prive a. Nouvo Sant sa a pral san parèy nan

kapasite ak potansyèl ekonomik epi li pral etabli Eta New York kòm sant prensipal pou rechèch, devlopman ak swen pasyan pou Terapi Selilè ak Jenetik nan nasyon an."

Empire State Development te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon k ap chèche devlopè pou konstwi ak opere etablisman sa a, nan apeprè 200,000 pye kare, ak opòtinite pou agrandisman alavni sou sit 6 ekta kote Sant lan pral sitiye. ESD pral investi jiska 150 milyon dola nan devlopman etablisman sa a, epi finansman sa a ka konplete ak sipò finansye adisyonèl nan men lòt pwogram devlopman ekonomik yo. Gen plis enfòmasyon, ki gen ladan dat vizit sit la, ki disponib nan [RFP](#) a, epi delè pou soumisyon an se 12 Janvye 2024.

Anplis de avanse nan devlopman nan terapi selilè ak jenetik, Sant lan pral kreye opòtinite devlopman ekonomik san parèy ki gen ladan kreyasyon biznis demaraj, atraksyon konpayi ki soti andeyò New York, talan ak kwasans travay, ak devlopman gwoup.

Sant lan pral loje dirijan founisè sèvis ak teknoloji ke devlopè Terapi Selilè ak Jenetik yo egzije ki pral kreye epi pote sou mache tretman sa yo. Sant lan pral finalman pèmèt tretman sa yo rive jwenn plis pasyan, pi vit. Anplis de sa, Sant Long Island lan pral gen ladan yon espas enkibasyon biznis pou amelyore plis siksè etablisman an lè li sipòte devlopè terapeitik ki nan premye etap yo epi tradui dekouvèt syantifik nan 1e faz esè klinik yo. Enkibatè a pral ede pwomèt biznis ki nan etap demaraj yo nan domèn sa a lè li ofri itilizasyon etablisman an ak sèvis li yo tankou rezo ak konsèy epi ankouraje koneksyon ak konpayi kapital risk ak lòt envestisè yo.

Sant Terapi Selilè ak Jenetik Long Island lan, ki pral lokalize sou apeprè 6 ekt tè nan vilaj Lake Success, ak toupre Northwell Health, pi gwo sistèm sante nan Eta a, epi tou pre Cold Spring Harbour Laboratory ak plizyè lòt enstitisyon rechèch klas mondyal nan rejyon metwopolitèn New York la.

Sant la tou pre Vil New York, espesyalman Minisipalite Queens, ki se yon zòn ki trè divèsifye kote yo pale 150 lang. Long Island ofri aksè san parèy nan yon popilasyon inikman divèsifye pou patisipe nan esè klinik yo. Divèsite patisipan yo nan esè a enpòtan anpil pou asire evalyasyon apwopriye yon tretman tankou Terapi Selilè ak Jenetik, ki pèsonalize pou moun, oswa gwoup moun espesifik.

New York gen yon pozisyon inik pou ede devlope terapi selilè ak jenetik, ki atake maladi tankou kansè nan fabrike selil pasyan ki repwograme pou swa repare sa ki lakòz maladi oswa touye timè yo. Kounye a, Eta a klase nan twa pi gwo yo pou sibvansyon Enstiti Nasyonal Sante, kantite patant, ak kantite esè klinik sou Terapi Selilè ak Jenetik. Li vle rekòlte gwo benefis lè li konsantre sou devlopman Terapi Selilè ak Jenetik.

Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon de sant Terapi Selilè ak Jenetik – youn nan pati nò ak youn nan pati sid eta a – nan diskou sou Eta Leta 2023 li a kòm yon pati nan efò kontinyèl li pou sipòte kwasans ak inovasyon nan Eta New York. Chak sant pral

kolokalize ansanm enfracstrikti, teknoloji ak sèvis terapi selilè ak jenetik ki enpòtan anpil pou asire ke New York gen talan ak enfracstrikti ki nesesè pou dirije nan domèn sa a.

**Prezidan Konsèy Empire State Development Ian, Kevin Law, te deklare,** "Ak etablisman Sant Inovasyon Terapi Selilè ak Jenetik Long Island, Eta New York pral rasanble rechèch, devlopman, fabrikasyon, ak komèsyalizasyon anba yon sèlabri epi ranfòse wòl Long Island kòm yon lidè mondyal nan syans lavi yo. Investisman istorik sa a pral pouse limit sa ki posib, relye inovasyon ak enpak pou kreye travay epi bay terapi ki sove lavi yo."

**Michael Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health la, te deklare,** "Nou kontan pou sipòte epi fè pati vizyon Gouvènè Hochul pou fè Long Island ak New York vin yon sant prensipal pou terapi selilè ak jenetik epi nou kontan dèske Northwell te jwe yon wòl nan pote etablisman modèn sa a nan Long Island. Sant modèn sa a pral yon chanje règ jwèt la pou chèchè kansè yo, konpayi inovan, klinisyen yo, ak pasyan yo epi li pral ankouraje kolaborasyon ak avanse komèsyalizasyon nouvo terapi selilè ak jenetik. Nou pa ka tann enpak pozitif li pral genyen atravè Long Island, Eta New York, ak odela."

**Direktè Syantifik Enstiti Parker pou Iminoterapi Kansè, John Connolly, PhD te deklare,** "Gouvènè Hochul ak Eta New York te fè yon investisman remakab nan fiti terapi Selilè ak Jenetik ki pral asireman ankouraje devlopman nouvo terapi ak kwasans anpil nou konpayi nouvo ki enpòtan. Lè li akselere terapi CGT, sant pwochè jenerasyon sa a nan Long Island pral gen yon enpak dramatik sou rezilta pasyan yo pa sèlman nan New York, men globalman."

**Pwezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Cold Spring Harbor Laboratory, Bruce Stillman, PhD te deklare,** "Inisyativ terapi selilè ak jenetik Eta New York la nan Long Island pral yon adisyon ki pi byen akeyi nan antrepriz rechèch byomedikal rejyon an, epi Cold Spring Harbor Laboratory espere fè patenarya ak inisyativ CGT a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development paske yo pyonye ekspansyon rechèch enteresan sa a."

**Jedd D. Wolchok MD, PhD, Direktè Sant Kansè Sandra ak Edward Meyer, Weill Cornell Medicine Meyer, te deklare** "Nou rekonesan dèske Gouvènè Hochul ak eta a ap envesti nan yon sant k ap katalize rechèch, devlopman, fabrikasyon klinik ak komèsyalizasyon CGT nan New York. Nan sant nou an, nou se nan premye rechèch CGT ak fè dekouvèt revolisyonè ki avanse plis konpreyansyon nou sou evènman molekilè ki lakòz kansè. Nou pa ka tann patenarya sa a ki pral mennen nan plis apwòch pou anpeche, trete ak geri kansè."

**Katrina Armstrong, MD, Direktris Egzekitif Jeneral Sant Medikal Irving nan Columbia University, te deklare,** "Nou dwe felisite Gouvènè Hochul paske li fè avanse potansyèl terapi selilè ak jenetik epi li angaje resous ki nesesè pou fè New York vin yon lidè nan domèn sa a. Nou anbrase opòtinite pou nou mete ansanm ak sant medikal

akademik eksepsyonèl eta a epi pou devlope tretman sa yo ki gen gwo pwomès pou pasyan ki gen plizyè maladi yo."

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Sant Kansè Konplè Roswell Park la ak Prezidan nan Direksyon M&T Bank, Candace S. Johnson, PhD, te deklare,** "Investisman Empire State Development ki sipòte devlopman, fabrikasyon ak komèsyalize terapi selilè ak jenetik yo amelyore pèspektiv pou valorize inovatè ki gen talan nan syans lavi yo nan Eta New York epi ranfòse kapasite nou pou bay pasyan yo terapi pwochèn jenerasyon yo ak pi gwo vitès ak efikasite. Sipò ESD a te jwe yon wòl esansyèl nan akselere ekspansyon Enstalasyon Enjenyeri ak Fabrikasyon Selilè GMP Roswell Park la, epi Sant Terapi Selilè ak Jenetik Long Island lan pral trase wout la davantaj pou devlopman rapid nan terapi selilè ak jenetik."

**Manm Asanble Gina Sillitti te deklare,** "Long Island te vin yon lidè nan rechèch ak inovasyon epi sa se yon lòt investisman eta enpòtan isit la nan distri mwen an. 150 milyon dola nan finansman sibvansyon an pral pote avèk li bon travay ki pral benefisye tou dirèkteman ekonomi lokal nou an. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te chwazi Long Island ankò pou finansman enpòtan sa a."

Etablisman Terapi Selilè ak Jenetik Long Island lan fè pati Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York la, ki fèt pou ankouraje devlopman yon nouvo aglomerasyon rechèch klas mondyal nan syans lavi nan New York, epi ogmante kapasite eta a pou komèsyalize rechèch sa epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje investisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York. Li Plan Estratejik Inisyativ pou Syans Lavi Eta New York la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)